



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 18/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ARÈSTASYON AK AKIZASYON NAN ROCHESTER KI FÈ PATI BALEYAJ NAN TOUT ETA-A POU KONBAT VANT ILEGAL K2**

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke yo te arete epi akize yon nèg nan Rochester, New York pou vant marigwana sentetik epi vyolasyon lwa taks eta-a. Arestasyon ak akizasyon sa yo te fèt nan kad yon seri aksyon ranfòsman nan tout eta-a, ki gen ladan-l' yon ogmantasyon prezans lapolis ak plis baleyaj nan kominote lokal yo, pou konbat vant ilegal K2. Wikenn sa-a, lapolise eta New York, an kolaborasyon ak Depatman Taksasyon ak Finans eta New York, sezi plis pase 150 pake sa yo sispèk te ka marigwana sentetik nan vil Rochester.

«Marigwana sentetik poze yon gwo danje pou sante ak sekirite Nouyòkè, epi eta-a ap pran gwo aksyon pou konbat vant ilegal dwòg sa-a,» **Gouvènè Cuomo te deklare.** «Paske yo vize move grenn yo, arestasyon sa yo voye yon mesaj ki montre ke moun k'ap jwe ak lalwa epi ki mete sekirite piblik la pwal oblije pran responsablite yo.»

Aprè ke yo resevwa denonsyasyon sou kote yap vann marigwana sentetik la (oswa K2), polis eta-a vizite plizyè chòp ak magazen plizyè kote nan tout eta-a. Se konsa yo sezi plis pase 150 pake sa yo sispèk te ka marigwana sentetik nan magazen ki nan Rochester. Yo te jwenn twa kote nan Rochester ki te mal takse pwodwi tabak yo.

Echantiyon pwodwi yo sezi nan Rochester yo te analize pa laboratwa Sant Wadsworth Depatman Sante-a ki nan Albany. XLR-11, yon pwodwi yo jwenn nan sa yo sezi yo, se yon sibstans ki sou lis sibstans ke DOH entèdi an 2015.

Mohammed Ghazanfar, propriyetè Loomis and Joseph Mart ki nan 718 Joseph Avenue nan Rochester, New York, te akize pou posesyon ilegal dwòg sentetik (move kondwit ki pa klasifye), ak vyolasyon règleman Depatman Sante-a ki entèdi posesyon sibstans sentetik ki gen kanabis. Ghazanfar tou ap fè fas a akizasyon pou fwod kriminel taks (yon deli klas E) ak de vyolasyon taks pou sigarèt ak tabak (yon deli klas E ak yon move kondwit ki pa klasifye).

**Sipèentandan George P. Beach II te deklare:** «Dwòg sentetik se yon gwo pwoblèm pou sante ak sekirite piblik toupatou nan New York. Nou reyisi retire K2 nan lari nou yo, e nou voye yon gwo mesaj ki montre ke nou pap tolere vant sibstans ilegal sa yo nan eta nou an. Polis Eta-a pran angajman pou li travay ak patnè k'ap fè respkte lalwa nan eta-a, nan nivo federal ak lokal yo pou retire sibstans danjere sa yo nan kominote nou yo.»

**Komisè Sante Eta New York, Doktè Howard Zucker te deklare:** «Depatman Sante-a ak travay kole kole ak Polis Eta New York epi lòt ajans eta yo pou koupe vag kriz sante piblik sa epi kenbe Nouyòkè an sekirite. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, n'ap kontinye

travay ansanm pou retire pwodwi chimik danjere sa yo nan lari nou yo.»

**Komisyonè Biwo NYS pou Sèvis Abi Alkòl ak Sibstans Arlene González-Sánchez te deklare:** «Pwodwi sentetik danjere epi yo ka mòtèl. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Polis Eta-a epi lòt ajans eta-a ki se patnè nou pou angajman yo pran pou mete fren sou moun k'ap vann pwazon ilegal sa yo. Sibstans sa yo pa sen. Pa gen plas pou sibstans sentetik epi danjere sa yo nan lari nou yo.»

Semèn pase, New York ogmante efò l'ap fè nan tout eta-s pou ranfòsman lalwa pou asire ke biznis respekte tout lwa ki aplikab, sa vle di règleman ijans 2012 ki entèdi fabrikasyon, vant ak distribisyon marigwana sentetik. Anplis, Gouvènè te mande Biwo Dwòg ak Ranfòsman Depatman Sante-a, Otorite Alkòl Eta-a epi Komisyon Jwèt Aza Eta New York la pou ogmante sipèvizyon yo epi retire lisans pwopriyetè magazen alkòl ak lotri si yon bare yo k'ap vann K2 ilegalman. Eta-a pral kontinye aplike ak anpil vigè tout rekou sivil, kriminel ak administratif ki disponib, kont nenpòt biznis oubyen pwopriyetè biznis ke yo te kenbe nan fabrikasyon, preparasyon pou vant, oubyen k'ap vann marigwana sentetik ilegalman.

An 2012, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sante-a pou fè soti règleman ki entèdi posesyon, fabrikasyon, distribisyon ak vant dwòg sentetik ak pwodwi chimik. Epi tou, règleman yo te pèmèt pou ke yo ka pouswiv kriminelman yon pwopriyetè antrepriz ak/oubyen yon anplwaye ke yo bare pou premye fwa kap vann marigwana sentetik pou posesyon yon sibstan ilegal.

Nan lane 2015, Gouvènè a te rive fè pwogrè sa lè li te ajoute de lòt klas eleman adisyonèl nan lis sibstans entèdi a, ki enkli ladan yo de santèn pwodwi chimik danjere diferan. Yo te apwouve yo de fason inanim pa Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante. Ane pase Gouvènè Cuomo te anonse tou de nouvo sèvis piblik pou edike epi enfòme Nouyòkè yo apwopo tout danje marigwana sentetik yo.

Anba lwa aktyèl yo, yon pwopriyetè etablisman, ansanm ak nenpòt lòt moun ki posede, distribiye, vann, oubyen ofri pou vann marigwana sentetik ki entèdi, pral peye yon amand ki ka rive jiska \$500 ak/oubyen pase jiska 15 jou nan prizon. Nouvo penalite sivil yo pral enkli yon amand ki ka rive \$2.000 pou chak vyolasyon.

Marigwana sentetik komèsyalize kòm legal e li konpoze jeneralman de materyèl ki fèt avèk plant ki kouvri pa pwodui chimik ki sipoze imite THC, yon konpoze chimik aktif nan marigwana. Dwòg yo komèsyalize tankou lansan, melanj a baz plant, oswa popouri nan fason pou maske objektif yo. Non lari pou sibstans sa yo se Spice, K2, Green Giant, Smacked, Wicked X, AK-47, Geeked Up, Ninja, Caution, Red Giant, ak Keisha Kole. Pake ki teste pozitif nan Rochester yo rele «Scooby Snax».

###